

## **Vaksinasyon kont COVID-19**

Vaksinasyon kont COVID-19 ke Kanada bay, li san danje e li efikas. Yo apwouve pa yon komite ki gen expè syantifik e doktè. Vaksen sa yo gen menm kalite e sekirite ke tout lòt vaksen ke Kanada itilize.

Kanada ak Kebèk gen yon sistèm siveyans vaksen trè konplè.

## **Poukisa mwen bezwen pran vaksen an?**

Vaksen kont COVID-19, ki te apwouve pa Santé Canada, anpeche maladi ki grav e ki gen yon risk pou konplikasyon. Yo pèmèt diminye nonb de moun ki entènè nan lopital, lanmò, e diminye sikilasyon viris lan nan popilasyon an. Epitou, li va ede ke sistèm sante byen kanpe.

## **Ki moun ki riske nan viris sa?**

Granmoun ki aje yo gen risk pi gwo pou yo devlope konplikasyon e mouri nan COVID-19 la. Moun ki gen maladi kwonik, ki souvan gen kontak avèk moun ki enfekte yo, ouswa ki gen yon sante frajil nan iminite yo, yo plis gen risk tou. Men pi gwo risk lan se laj yon moun genyen.

## **Jisteman, mwen travay nan yon environman lopital, eske mwen pran vaksen tankou yon moun ki gen priorite, kelkeswa laj mwen genyen?**

Wi, si ou bay swen direktman bay pasyan yo ki gen yon gwo risk pou yo kap genyen COVID-19 lan. Gen kèk mesi trè espesifik ke yo pran pou yo pwopoze nou vaksinasyon nan travay an nou. Vaksinasyon an li rekòmande anpil paske li pèmèt ke nou kap jwenn yon pwoteksyon kont yon konplikasyon ki kapab vin pi devan, li kap pwoteje moun ke w ap pran swen avèk menb nan fanmi ou.

## **Kote nou kap pran vaksen an?**

Gen gwoup ki gen priorite ki resevwa envitasyon kounye a, pou yo pran randevou sou Entènèt nan yon kote espesifik ki toupre lakay yo, lè yo al sou : [Québec.ca/vaccinCOVID](https://quebec.ca/vaccinCOVID). Vaksinasyon an gratis e se Programme québécois d'immunisation / Pwogram vaksinasyon Kebèk la ki mete l deyò. Li pa posib pou nou kap jwenn dòz vaksen sou mache prive.

## **Mwen gen difikilte pou m itilize entènèt, ou pa gen yon lè ki disponib nan zòn kote m rete nan semèn yo kap vini an**

Rele nan [1 877 644-4545](tel:18776444545) e gen yon moun ki pral pran tan pou reponn ou. Ou ka konpoze kòd zòn kote w rete an e 644-4545, pou ka jwenn aksè nan yon sèvis pa telefòn.

## **Yon dòz ouswa de dòz?**

Etid yo montre ke li trè efikas pou redwi fòm grav COVID-19 aprè yon sèl dòz, e li parèy pou granmoun ki aje yo. Dezyèm dòz lan li itil pou kap genyon yon pwoteksyon konplèt. Sou pwemye randevou pou resevwa premye dòz lan, ou pral resevwa yon lòt randevou ke yo va ba ou 16 semèn pita pou dezyèm dòz lan. Yon fwa ke ou vaksine, yo pral remèt ou yon prèv ke ou te pran vaksen an.

Pou moun ki gen COVID-19 avan vaksinasyon an kont COVID-19, yon sèl dòz vaksen ki nesèsè. Enfeksyon pèmèt ke sistèm iminitè ou deklanche yon repons tankou premye dòz vaksen te ka fè. Dòz vaksen an pou yon moun ki te gen COVID-19 lan sèvi pou li tankou yon sansayon rapèl tankou dezyèm dòz lan fè pou yon moun ki potko janm enfekte. Fò w konpran byen ke se pa yon danje pou w resevwa tou de dòz vaksen an, menm si yon moun te gen COVID-19 lan deja.

## **Eske m ka renonse a distans fizik e pote mask aprè ke m resevwa vaksen an?**

Fò w konnen byen ke vaksen kont COVID-19 pran omwen 14 jou avan ke li vin efikas. Pou ke yon bon pati nan popilasyon kapab vaksine, li nesèsè ke plizyè mwa kapab pase pou nou pwoteje tout moun sa yo ki vaksine. Distans ant 2 moun ki gen yon minimòm de 2 mètr, pote mask ou yon twal kap byen kouvri figi w, e lave men nou regilyèman, se yon abitud pou nou konsève. Lè majorite moun nan popilasyon an vaksine, e pwopagasyon viris lan kontwòle, pral gen lòt mezi ke gouvènman an pral anonse.

## **Eske m ka chwazi vaksen mwen an?**

Non, li pa posib ke ou chwazi vaksen ke yo pral ba ou. Yo bay vaksen an selon dòz ki disponib. Tout vaksen ki disponib pwoteje omwen a katreven pousan kont tout fòm grav nan COVID-19, e li anpeche moun entènè nan lopital ak lanmò. Li enpòtan ke nou pran vaksen lè se moman ki rive pou nou, avèk vaksen ki disponib nan menm moman an. Si w gen enkyetid pou vaksen ke yo pwopoze ou an, ou ka pale sijè sa ak yon pwofesyonèl kap travay nan sante ki gen wòl pou fè evalyasyon lè ou rive nan kote pou w vaksine an. Aprè sa, ou kapab pran yon desizyon plis eklere.

## Mwen pa gen kat asirans sante, mwen pa yon rezidan pèmanan, eske m ka fè yo vaksine m?

Wi, paske se yon mezi ke sante piblik la pran pou li kap pwoteje tout popilasyon an ki rete nan pwovens Kebèk la. Fòmilè ki sou entènèt prevwa sitiyasyon sa e ou kap mete yon kwochè nan kaz pou w kap mansyone ke ou pa genyen ka asirans maladi. Fò w bay dat nesans ou, non konplè manman w, e si l posib, kontak pou yo kap rejwenn ou pou dezyèm dòz lan. **Kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ke ou genyen, ou kap fè yo vaksine w.** Si gen difikilte, pa ezite rele nan nimerò telefòn Kovid yo te bay lan.

Sonje byen ke vaksinasyon an pa pwoteje sanpousan kont COVID-19, men li redui senptòm e li evite konplikasyon medikal ki gen lyen ak viris lan. Se responsabilite nou pou nou pwoteje tèt nou, e ke nou pwoteje manb fanmi an nou, moun nan kominote nou, nan zòn ke nou rete e nan kote ke n ap travay lan.



En partenariat avec :

